


**Pataje enfòmasyon sa ak fanmi  
ou**

**Byenvini!**

**Kounye a mwen Ozetazini, Kisa ki pral pase ak dosye imigrasyon m lan?**



**1. Ale nan tout Anrejistreman ICE ou yo**

Anrejistreman sa yo la pou ICE an kapab toujou lokalize w Ozetazini pandan dosye w lan an ap trete nan tribinal nan. Si ou pa ale nan anrejistreman ICE ou yo sa ka fè ICE voye w nan yon sant detansyon.

**2. Ale nan tout randevou w yo (odisyon) nan tribinal imigrasyon an**

Randevou sa yo (oubyen odisyon yo) la pou detèmine si legalman w'ap ka rete Ozetazini, oubyen si pou retounen nan peyi w. Si ou pa ale nan randevou w yo, li posib pou jij lan bay lòd pou depòte w (lè sa ou pral retounen nan peyiw) paske ou pa vini nan odisyon w yo.

**Kilè mwen dwe ale nan tribinal imigrasyon an?**

Nan mwens ke de semèn ou ta dwe resevwa yon lèt ki gen enfòmasyon sou premye odisyon w nan tribinal imigrasyon an. (Lèt sa ta dwe al nan adrès sponso w ki te nan dokiman ou te bay sou fwontyè an.) Pandan tan sa, rele tribinal imigrasyon an nan **1-800-898-7180** omwen yon fwa pa semèn – Lèw rele sa ka rive ou jwenn dat premye randevou w nan tribinal avan ou resevwa lèt lan ki konn gen enfòmasyon sa.

- **Rele 1-800-898-7180.** Peze 1 pou enstriksyon an anglè (oubyen 2 pou enstriksyon an espanyòl yo).

- Apre enstriksyon yo fini, Antre nimewo A ou a.
- Pou chache enfòmasyon, ou dwe chache **apati Nimewo A ou**, pa apati non w.
- Nimewo A w lan parèt nan dokiman ou te bay sou fwontyè a.

▪ Nimewo w: \_\_\_\_\_

▪ Nimewo A madanm ou (si li isit avèk ou): \_\_\_\_\_

▪ Nimewo A timoun ou yo: \_\_\_\_\_,

\_\_\_\_\_

## Pataje enfòmasyon sa ak fanmi

ou

- Li posib pou odisyon w nan tribinal lan tonbe nan menm dat ak pa madanm ou oubyen pa timoun ou yo. Men li enpòtan pou konpoze **1-800-898-7180** yon fwa pa semèn pou chak grenn manm nan fanmi ou.

### E Si m pa ta genyen yon avoka pou akonpaye m nan premye odisyon m nan tribinal lan?

Pa pè! Yo p'ap deside sou dosye w lan nan premye odisyon an. Ou ka mande jij lan pou l ba w plis tan pou w jwenn yon avoka. Jij lan ap baw on dezyèm odisyon nan jou k'ap vini yo.

### Kiyès ki ka ede m ak dosye m lan?

Pi ba w'ap jwenn yon lis òganizasyon k'ap sèvi kominote imigran yo. Lè w fin rive nan destinasyon w, ou ta dwe rantre an kontak ak ajans sa yo. Tout sa ou gen pou w fè se di on bagay konsa:

*“Sali, Nonm se \_\_\_\_\_. Mwen te sou fwontyè an avèk madanm mwen epi piti mwen pou \_\_\_\_\_ jou, Epi m'ap ret tann enfòmasyon sou odisyon m nan tribinal lan. Mwen gen kesyon epi mwen bezwen pale ak on moun sou dosye imigrasyonm lan”.*

Pou kounye a genyen anpil demann pou sèvis legal kidonk sa ka rive ou oblije ret tann pou kèk semèn (oubyen plis) pou pran randevou ak yon avoka oubyen yon asistan legal. Li enpòtan pou rele plizyè ajans. Tanpri pran pasyans, si sa rive se yon plas sou lis datant lan ou jwenn, pranl. Epi lè w gen randevou avèk avoka oubyen asistan legal lan, Li enpòtan pou reponn tout kesyon y'ap pozew yo pandan w'ap pataje tout detay sou sitiyasyonw lan, menmsi li difisil pouw pale de sa – Ou pa bezwen pè, yo la pou ede w.

Sonje Ozetazini yon **notè PA yon avoka**. Gen moun ki prezante tèt yo kòm si yo te avoka men an reyelite yo pa sa vre. Gen moun ki se avoka men ki pa ekspè nan lalwa sou imigrasyon. Kidonk li vrèman enpòtan pou chache jwenn ajans tankou sa nou liste anba yo ki espesyalize nan ede imigran – ou ka fè ajans sa yo konfyans epi yo gen bon kalite, epi yo pa fè w peye pou sèvis yo ba w yo.